

Un enfant  
presque comme  
les autres  
... mais il vous semble différent

Tout ti moun se ti moun  
men tout ti moun pa menm

Connaissez-vous les TED?  
Troubles envahissants du développement

Eske ou konnen sa yo rele TED ?  
Se ti moun la syans di, ki gen pwoblèm nan tout devlopman yo

## Il vous semble différent parce qu'il ...

### Li pa menm jan ak lòt yo, paske...

- Li pa anvè rete bò kot lòt ti moun parey li ni bò kote gran moun tou
- li pa mande edel li bezwen fè yon bagay
- li pale pi ta osnon li pa pale byen
- li pa toujou konpran sa yo mande'l osnon jès moun fè
- li pa fasil pou li gade moun nan je
- li pa toujou reponn lòt yo rele'l
- li pa renmen jwe tankou tout ti moun ni fè jwèt poupe, osnon manman papa
- li ri san rezon, li rele san rezon
- li pa konnen kisa yo rele danje
- li move, lòt bagay yo chanje
- Ti bri ka en`ve'l, Gwo bri ka pa di'l anyen .  
Swa li paka sipòte yo manyen'l osnon, li pa santi lòt yo manyen'l  
Tout ti sant , tout ti bagay li goute ka nwi l, osnon, li ka paka pran lodè ak gou ditou
- Li ka repete memm jès yon pakèt fwa e pandan lontan
- Li pa chèche rakonte sa'l fè osnon sa'l konnen ni sak fè kè'l kontan

**Il se pourrait que malgré  
un langage plus élaboré  
et une bonne capacité  
d'apprendre, l'enfant :**

**Menm si ti moun nan  
ka pale byen  
osnon li kab konpran epi apran byen  
Li ka tou :**

- Gen pwoblèm pou'l koumanse yon konvèsasyon osnon pou'l kenbe yon konvesasyon
- Li ka fè gwo fraz osnon pale yon jan ki fè w sezi
- Li ka gen pwoblèm pou li gen zanmi
- Li ka vle aprann osnon fè yon sèl bagay sa ki pa bon
- Li difisil pou li, pou li konpran'n sa ki bon pou yon lòt moun

**Se ka yon ti moun ki soufri ak sa yo rele TED  
Ki se : Pwoblèm nan devlopman ti moun nan**

## Une problématique : cinq diagnostics

### Yon pwoblèm : senk Esplikasyon

(selon le DSM-IV révisé en 1994)

- Otis
- Maladi ke yo rele sindwòm Rett\*
- Timoun nan fè bak nan devlopman'l \*
- Maladi ke yo rele sindwòm Asperger
- Timoun nan gen pwoblèm nan devlopman san li pa parèt Otis

\*gen chans pou 2 esplikasyon sa yo pa nan menm fanmi maladi sa a ke yo rele TED a akòz kote'l sòti e kijan li parèt osnon jan li manifeste

## **Que sont les TED ?**

### **Kilès yo rele TED?**

Se ti moun ki gen pwoblèm ki sòti nan sa yo rele «nerobiochimik» yo. Pwoblèm nan parèt bonè lakay ti moun nan, anjeneral nan twa premye ane yo. Se ti gason ki pi fasil genyen'l ke ti fi e maladi sa pa kòn ni rich ni pòv, ni nwa, ni blan.

## **Les caractéristiques**

### **Kisa ki fè'w wè se yon TED**

- Lò li difisil pou ti moun nan kominike ak moun (pou l konpran'n, pale, imajine)
- Lò li difisil pou li tabli relasyon ak moun, osnon pou'l fonksyone nan sosyete a
- Lò li ap fè menm bagay la tout tan epi anpil fwa (li gen ti mani, pa gen anpil bagay ki interese'l )

## **Une problématique aux portraits variés**

### **Yon pwoblèm ki gen anpil figi**

Li pa parèt menm jan lakay tout moun. Se pou tèt sa li kon difisil pou rekonèt. Gen yon seri lòt kalite pwoblèm ki ka parèt tèt yo nan maladi sa a konsa tou yo kab pa la, tankou: mongòl, retade, malkadi, pwoblèm tanperaman ak karaktè. Pwoblèm sa yo ka fè maladi sa a parèt nenpòt ki jan.

## **Référence ou consultation auprès d'un professionnel de la santé**

### **Ale kote yon moun ki étidye maladi sa osnon al konsilte**

Pi bonè se granm maten pou maladi sa a. Plis ou pran pi bonè, ou bay ti moun nan bon jan kalite tretman ke la syans mete la pou yo, pi plis ou gen chans pote yon chanjman nan devlopman ti moun nan. Fòk ou al chèche sipò kote moun ki espesyalis.

### **Parents inquiets : quoi faire ?**

**Manman, papa si kè w ap sote, kisa pou w fè ?**

Depi w kòmanse gen yon ti kè sote sou kesyon sila a, wè doktè fanmi an, yon doktè pou ti moun, osnon al nan CLSC ki nan katye a. Rankont sa a, ka pèmèt ou kapab wè yon espesyalis (ègoterapet, òtofonis, sikològ, syko-edikatè). Moun sa yo ka voye w nan yon klinik pou w wè si ti moun nan souffri ak pwoblèm yo rele TED a. Klinik sa a, gen doktè avèk anpil moun ki save sou kesyon sa a. Se travay tèt ansanm yo pwal fè a kap pèmèt yo wè si ti moun nan gen pwoblèm yo rele TED a

### **Des services appropriés aux besoins de l'enfant**

**Sèvis pou ti moun ki gen pwoblèm sa**

Depi yo wè ti moun nan TED tout bon vre, yo mete tout bagay pou ede'l, edike'l ak trete'l. Sèvis sa yo ap fè sitiyasyon ti moun nan vini miyò. Nan CLSC ak òganis kominotè yo, yap bay sèvis pou fanmi ti moun sa yo tou.

## **Les ressources disponibles à Laval**

### **Ki pòt ou kab frape nan Laval**

#### **Centre de santé et de services sociaux**

##### **Sant sante ak sèvis sosyal**

Poze kesyon nan CLSC ( Sant sèvis kominotè)

Se yon sèvis ki la pou li chèche kote pwoblèm nan ye epi tou pou li sipòte fanmi yo (sipò siko-sosyal, Repi, alokasyon) yo bay sèvis sa yo nan CLSC ak nan lopital

Mille-Iles (450) 661 2572

Marigot (450) 668 1803

Ruisseau Papineau (450) 687 5690

Sainte Rose (450) 622 5110

#### **Centre de réadaptation en déficience intellectuelle**

##### **Sant readaptasyon pou ti moun ki retade**

Yo pran timoun nan sant sa a, sèlman si ti moun nan gen tan wè yon espesyalis ki di ke se pwoblèm sa li genyen

Sévis adaptasyon, readaptasyon, integrasyon sosyal pou moun ki gen pwoblèm egare, krebete ak pwoblèm nan devlopman yo

CRDI Normand Laramée, Laval (450) 972 2099 pòs 2042

#### **Évaluation enfants 0-7 ans**

##### **Evalyasyon ti moun 0 –7 tan**

CHARL (Sant lopital ak anbilans nan kanton Laval)

1515, boul Chomedey Laval ( Québec) H7H 3Y7

telefòn (450) 978 8300 faks (450) 978 2935

#### **Société de l'autisme et des TED de Laval**

##### **Sosyete timoun otis e TED Laval**

(450) 663 5551 [www.autismelaval.org](http://www.autismelaval.org)

#### **Information sur les milieux de garde**

##### **Infòmasyon sou kote yo gade ti moun**

Vil Laval

(450) 978 6888 pòs 4261

#### **Commission scolaire de Laval**

##### **Komisyon skolè Laval ( gadò ti moun lekòl)**

(450) 662 7000 pòs 1578

#### **Regroupement des CPE**

##### **Regroupman CPE ( sant ti moun piti) Laval**

(450) 975 8777

**Association des services de garde en milieu scolaire**

**Asosyasyon sèvis de gad nan lekòl**

Projè entegrasyon sosyal ti moun andikape nan lekòl

(450) 646 2714

**Promotion pour l'intégration**

**Promosyon pou entegrasyon**

Trè dinyon

**1 800 840 LINK**

( se anglè yo pale)